

Kitab Suci Bocah  
nyuguhaké

Wong Sugih,  
Wong Mlarat



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: M. Maillot, Lazarus  
Alastair Paterson

Dibesut déning: M. Maillot, Sarah S.

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

Diproduksi déning: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2022 Bible for Children, Inc.

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,  
waton ora kanggo diedol.



Yésus ngerti nèk akèh Panggedhe Agama sing nresnani dhuwit ngungkuli nresnani Gusti Allah. Dhèwèké nyritakake apa sing kedadeyan karo wong loro, lan kenapa ora ana gunane duwe kasugihan tanpa Gusti Allah. Kasugihan ora bisa tuku urip karo Gusti Allah ing Swarga.




Ing kono ana wong  
sugih sing nganggo  
sandhangan apik lan  
regane larang.  
Dhèwèké nganggo  
busana kaya raja.



Wong sugih mau uga mangan enak banget. Saben dhaharan kaya pésta gedhe. Dhèwèké duwé dhuwit akèh, bisa tuku apa waé sing arep dipangan kanggo sarapan, mangan awan, mangan bengi - utawa kanggo cemilan.



Ing régoling omahe wong sugih mau ana wong ngemis  
mlarat, lara lan kaliren. Jenengé Lazarus.



Lazarus kebak lara. Dhèwèké bisa uga nandhang penyakit. Dhèwèké bisa uga nandhang tatu lan benjut saka wong liya sing jahat marang dhèwèké. Mungkin dhèwèké lara amarga ora duwe panganan sing enak kaya susu, sayuran utawa daging.




Lazarus kepéngin  
mangan. Dhèwèké  
wis seneng entuk  
sisa-sisa  
panganan  
sing tiba  
saka mejane  
wong sugih.




Asu-asu saka  
kadhang marani  
pengemis sing  
ora duwe daya  
kuwi. Padha  
ngampus lan  
dilat tatune.  
Kayane ora  
ana sing peduli  
yen Lazarus  
keluwen.



Esuke, Lazarus  
wis ora tangi.  
Wong kere  
kaliren, wong  
ngemis tanpa  
kanca wis  
ninggalake urip  
iki. Lazarus  
wis mati.



Kabungahan diwiwiti kanggo  
Lazarus nalika dhèwèké mati.  
Yésus ngendika yen para malaékat nggawa  
Lazarus neng Abraham. Lazarus dilipur  
déning Gusti Allah.




Wong sugih mau uga mati. Kabeh dhuwite ora bisa nylametake nyawane. Nalika pati teka, ora ana sing bisa nyegah.





Wong sugih mau dikubur. Mbok menawa iku panguburan gedhe. Mbokmenawa wong-wong padha ngalem wong sugih amarga pinter lan sukses. Nanging pangalembanane wong-wong mau ora nulungi dhèwèké. Wong sugih mau ana ing Naraka.




Ing naraka, wong sugih mau nguwuh-uwuh, "Dhuh  
Rama Abraham, mugi karsaa ngutus Lazarus supados  
nyelupaken pucuking drijinipun wonten ing toya lan  
ngadhemaken ilat kawula, awit kawula nandhang  
sangsara ing  
geni punika."




"Ing uripmu kowé duwe kabeh nanging Lazarus ora duwe apa-apa," Abraham ngelingake wong sugih mau. "Saiki Lazarus wis dilipur lan kowé disiksa. Ora ana wong sing bisa nyabrang jurang gedhe antarane kowé lan aku."



"Lazarus kengkenen ngélingaken limang sedulur-sedulur kula," panjaluké wong sugih mau. "Kula mboten kersa sedulur-sedulur kula wau nganti wonten ing papan siksa niki."



Abraham mangsuli, "Sedulur-sedulurmu nduwèni Sabdané Gusti Allah. Nèk limang sedulurmu kuwi ora precaya marang Kitab Suci, dhèwèké ora bakal precaya nèk Lazarus tangi saka kuburan.



Wektu Yésus rampung crita bab wong sugih lan Lazarus, para panggedhe agama padha mbathin, "Apa aku nresnani bandha luwih saka nresnani "Gusti Allah?" Saiki wong-wong kuwi ngerti apa sing bakal kelakon nèk ora nggatèkké tembungé Gusti Allah.



Wong Sugih, Wong Mlarat


Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Lukas 16

“Kawedharipun pangandika Paduka punika  
madhangi.” Jabur 119:130





44



60



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Ating, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan Bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

